# MAYIPLIǴI BOLǴAN SHAXSLARDI QOLLAP-QUWATLAWDA MÁMLEKET HÁM JÁMIETTIIŃ ROLI

**Erjanova Gulshexra**
Ilimiy basshi.
**Saparniyazova Nilufar Jenisbay qizi**
Qaraqalpaqstan awil xojaligi ham Agrotexnologiyalar instituti student.
@Sahnozasaparniazova@gmail.com
https://doi.org/10.5281/zenodo.17665320

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada nagiranligi bar shaxslardi qollap —quwatlaw maselesi jaritilgan bolip, onda jamiyet ham mamleketnin bul tarawdagi orni atqaratugun xizmeti haqqinda aytiladi. Nagiranligi bar insanlardin da jamiyet omirinde oz orni bar ekenligi, olardinda huquq ham erkinliklerinin qorgaliwi, talim, den sawliqti saqlaw, miynet etiw ham basqa tarawlardagi huquqlari haqqinda aytilip otedi.*

***Glit sozler:*** *Imkaniyatlar tenligi, jamiyet, mamleket, inklyuziv talim, huquqlardin qorgawliwi, reabilitatsiya, socialliq qorgaw sistemsi, insanparwalliq principleri.*

# NOGIRONLIGI BO'LGAN SHAXSLARNI QO'LLAB-QUVVATLASHDA DAVLAT VA JAMIYATNING ROLI

***Annotatsiya.*** *Ushbu maqolada nogironligi bo'lgan shaxslarni qo'llab-quvvatlash masalasi yoritilgan bo'lib, unda jamiyat va davlatning bu sohadagi o'rni va roli haqida so'z yuritiladi. Nogironligi bo'lgan insonlarning ham jamiyat hayotida o'z o'rni borligi, ularning huquq va erkinliklari himoya qilinishi, ta'lim, sog'liqni saqlash, mehnat qilish va boshqa sohalardagi huquqlari haqida so'z yuritiladi.*

***Kalit so'zlar:*** *Imkoniyatlar tengligi, jamiyat, davlat, inklyuziv ta'lim, huquqlar himoyasi, reabilitatsiya, ijtimoiy himoya tizimi, insonparvarlik tamoyillari.*

# THE ROLE OF THE STATE AND SOCIETY IN SUPPORTING PERSONS WITH DISABILITIES

***Annotation.*** *This article discusses the issue of supporting and empowering people with disabilities, and talks about the role of society and the state in this area. It is said that people with disabilities have a special place in society, they have the right to protection of their rights and freedoms, education, health care, education and other aspects.*

***Key words:*** *Equal opportunities, society, state, inclusive education, protection of rights, rehabilitation, social protection system, humanitarian principles.*

**Tiykargi bolim:**

Bugungi kunde har bir mamleketde mayipligi bar shaxslardi qollap quwatlaw maselesi ulken ahmiyatke iye bolgan socialliq maselelersen biri bolip tabiladi. Mayipligi bar shaxslardi qollap quwatlawda mamleket ham jamiyettin roli ulken. Sebebi: mamleket mayipligi bar insanlardi basqa saglam insanlardan ajratpawi olardinda jamiyet iskerliginde oz ornin tabiwip ketiwleri ushun shart -sharayatlar jaratip bermekde. Mayıplıgi bar shaxslardin da jamiyettin toliq agzasi sifatinda talim aliwi, medincinaliq xizmetlerden paydalana aliwi, miynet etiw sañat, sport, janede madeniyat tarawlarda ten huquqli ekenligi olarda socialliq omirde oz iskerligin basqa insanlarday korsete aladi. Talim tarawindagi inklyuziv jantasiwlar yagniy bul iskerlik arqali mayipligi bar balalar ozin doslari menen birge oqiydi olar siyaqli tendey bilim alaladi. Mayipligi bar balalardin talaplarinan kelip shiqqan halda arnawli turde maslastirilip qoyilgan sabaqliqlar toliq turde bilim aliwlarina jardem beriwleri ushun mugallimlerdin bekitilip qoyiliwi.

Densawliqti saqlaw ham reabilitatsiya sistemasi mayiplar omirinde ulken ahmiyetke iye.

Olardin fizikaliq ham ruwxiy jaqtan saglam boliwina jardem beredi. Ruwxiy jaqtan olardin ozine bolgan isenimin arttiriwga komeklesedi. Mayipligi bar balalar madeniyat tarawdada ozinin qabiyletlerin korsete aladi.Olar sport penen shugullana aliwlari, sañat tarawlarinda ozinin iskerligin korsetiw huquqina iye. Tiykarǵı deregimiz bolǵan Konstituciyamızdıń 57-statyasında Mámleket mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń sociallıq, ekonomikalıq hám mádeniy taraw obektleri hám xızmetlerinen tolıq paydalanıwı ushın sharayatlar jaratadı, olardıń jumısqa jaylasıwına, bilim alıwına járdemlesedi, olarǵa zárúr bolǵan málimlemeni tosqınlıqsız alıw imkaniyatın támiyinlewi belgilengen. Bul huquqlardan olar hesh qanday sheklewlersiz paydalana aladi. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtiń "Mayıplıǵı bolǵan shaxslardı hám xalıqtıń sociallıq qorǵawǵa mútáj qatlamların qollap-quwatlawdıń qosımsha ilajları haqqında"ǵı pármanına qol qoydi. Bul hújjet 2022-jıl 28-yanvarda tastıyıqlanǵan "2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası" orınlanıwı sheńberinde islep shıǵılǵan. Oǵan shekem, Háreketler strategiyası sheńberinde, sonıń ishinde, Prezidentimiz tárepinen 2021-jıl 25-martta "Kekseler hám mayıplıǵı bolǵan shaxslardı sociallıq qollap-quwatlaw, "Saqawat" hám "Múriwbet" internat úyleri sistemasın bunnan bılay da rawajlandırıw haqqında"ǵı párman, 2021-jıl 27-noyabrde "Medicinalıq-sociallıq ekspertiza xızmeti jumısı jáne balalarǵa mayıplıqtı belgilew sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı qarar qabıl etilgen hám orınlawǵa baǵdarlanǵan. Mayıplıq mashqalaları boyınsha Global sammitte ayrıqsha atap ótilgenindey, koronavirus pandemiyasınan keyingi dáwirde mayıplıq mashqalaların sheshiwde aldıngı maqul nátiyjelerdi tiklew hám jáne de kóbirek nátiyjelerge erisiw zárúr. Onda mámleketler, xalıqaralıq hám regionallıq shólkemler, puqaralıq jámieti institutları, túrli sheńberlerdegi sherikler menen tıǵız birge islesiwdi kúsheytiw úlken áhmietke iye. Búgingi kúnde mámleketimizde mayıplıq tarawında 600 ge shamalas mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkem jumıs alıp barmaqta. Olardıń arasında: Ózbekstan mayıplar jámieti; Ózbekistan mayıplar jámiyetlik fondı; Ózbekstan mayıp isbilermen hayal-qızlar milliy associaciyası; Imkaniyatı sheklengen jaslar hám balalar orayı; Ózbekstandaǵı láń mayıp balalar hám jas óspirimlerge járdem beriw "Ómir" jámiyetlik orayı; "Inklyuziv hayot" mayıplar jámietlik birlespesi; Ózbekstan Kózi ázziler jámiyeti; Ózbekstan gereńler jámieti sıyaqli mamleketlik emes kommerciyalıq shólkemler bar. Rawajlanıw strategiyası hám mayıplıǵı bolǵan shaxslar huqıqları: densawlıq, sonday-aq dári quralları, kútim ushın mólsherlengen medicinalıq buyımlar hám mayıplıǵı bolǵan balalar ushın arnawlı emlew azıq-awqat ónimleri menen támiyinleniw huqıqı. Sonday-aq, nızam menen mayıplıǵı bolǵan balalardıń biypul ulıwma orta, mektepten tısqarı, orta arnawlı hám professional bilim alıwın kepillew, onda imkaniyatı sheklengen shaxslar ushın joqarı bilimlendiriw mákemelerine mámleketlik grant tiykarında abiturientlerdi qabıllawdıń ulıwma sanınıń 2 procenti muǵdarında qosımsha qabıllaw kvotası ajıratılıwı hám basqa da usı sıyaqlı bir qatar jeńillikler menen huqıqlar belgilengen. Eń áhmietlisi, nızamnıń 6-statyasında mayıplıq belgisi boyınsha kemsitiwge jol qoymaw principi sáwlelendirilgen. Oǵan bola, mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa hár qanday ajıratıp qoyıw, shetletiw, sheklew yamasa abzal kóriw jaǵdayları, sonday-aq, mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń obektler hám xızmetlerden paydalanıwı ushın sharayatlar jaratıw maqset etilmekte. Bul normanıń názik bir tárepi bar, ol tiyisli mámleketlik shólkemler hám hákimliklerge oǵada quramalı, awır hám finanslıq jaqtan jaqsı qarjı talap etetuǵın wazıypalardı júkleydi. Bul - mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń sociallıq obektlerde hesh qanday tosqınlıqlarsız háreketleniwi ushın sharayatlardı jaratıw bolıp esaplanadı.

Durıs, usı kúnge shekem de imarat hám obektler, jollar, transport qurallarınıń belgili bir bólegi ǵana mayıplardıń erkin háreketleniwi ushın beyimlestirilgen, biraq bul jeterli emes.

Bunnan bılay mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń hesh qanday formada kemsitiliwine jol qoymaw ushın da, bárinen burın, qolaylı ortalıqtı támiyinlewdiń anıq mexanizmlerin engiziw maqsetke muwapıq. Imkaniyatı sheklengen shaxslar hár qanday sociallıq obektlerden hám xızmetlerden hesh qanday tosqınlıqlarsız paydalana alıwı shárt. Sonıń menen birge, olardı bilimlendiriw menen tolıq qamtıp alıw maqsetinde inklyuziv bilim alıw huqıqın ámelge asırıw mexanizmlerin qayta kórip shıǵıw rejelestirilmekte. Ózbekstan Respublikasinda mayipligi bolǵan sportshilarimizdi qollap quwatlaw, olardi jamiyet ortaligina tartiw hamde inklyuziv sportti rawajlandiriw maqsetinde Paraolimpiada oyinlari sholkemlestirilgen. Paralimpiya bul mayıplıǵı bolǵan esitiw qábiletin joǵaltqanlardan tısqarı shaxslar ushın xalıqaralıq sport jarısı bolıp esaplanadı. Para - dáslep "paralich" sózinen alınǵan hám omırtqa baǵanasındaǵı mashqalalar sebepli dene aǵzalarınıń belgili bir bólegi háreketlene almaytuǵınına ishara bolǵan, biraq keyin ala jarıs qatnasıwshıları qatarınıń keńeyiwi sebepli "parallel" sóziniń dáslepki bólegine ishara túrinde talqılanıp baslanǵan, yaǵnıy tiykarǵı olimpiada oyınlarına parallel ótkeriletuǵın jarıstı ańlatatuǵını atap ótilgen. Prezidentimizdin baslamasi menen 2021-jıl 8 - may kúni "Paralimpiya háreketin rawajlandırıwǵa baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında"ǵı qararǵa qol qoydı. Bul hújjet fizikalıq imkaniyatı sheklengen hám mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa sport penen shuǵıllanıw ushın sharayatlardı keńeytiw jáne olar arasında sport penen shuǵıllanıwshılardıń qamtıp alınıwın jáne de arttırıwǵa qaratılǵan. Barlıq túrdegi sport bilimlendiriw mákemelerinde fizikalıq imkaniyatı sheklengen hám mayıplıǵı bolǵan shaxslar ushın sport bólimlerin basqıshpa-basqısh shólkemlestiriw hám qábiletli bolǵan fizikalıq imkaniyatı sheklengen hám mayıplıǵı bolǵan shaxslardı tańlap alıw, olardı sport túrlerine baǵdarlaw, tayarlaw jáne joqarı sport sheberligine erisiwiwdi támiyinleytuǵın úzliksiz birden-bir kompleksli sistemanı engiziwge rejelestirilgen. 3-dekabr Xalıqaralıq mayıplar kúni sıpatında belgilenedi. Bul kún Birlesken Milletler Shólkemi tárepinen 1992-jılı qabıl etilgen bolıp, mayıplardıń huqıqların qorǵaw hám jámiyete olardıń tolıq qatnasın támiyinlew maqsetinde belgilengen. Ózbekstanda sociallıq ádillik principine ámel etiw, járdem hám qollap-quwatlawǵa mútáj, birinshi gezekte, fizikalıq imkaniyatı sheklengen adamlarǵa tolıq turmıs keshiriw ushın sharayat jaratıw máselesi mámleket hám jámiyettin turaqlı dıqqat orayında turadı. Ózbekstanda mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń huqıqları "Mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń huqıqları haqqında," "Bilimlendiriw haqqında," "Puqaralardıń densawlıǵın saqlaw haqqında," "Xalıqtı jumıs penen támiyinlew haqqında," "Bala huqıqlarınıń kepillikleri haqqında," "Puqaralardıń mámleketlik pensiya támiynatı haqqında," "Miynetti qorǵaw haqqında," "Dene tárbiyası hám sport haqqında"ǵı nızamlar hám Ózbekstan Respublikası Miynet kodeksi menen tártipke salınadı.

**Juwmaq**

Juwmaqlap aytatugunn bolsaq mayipligi bolgan shaxslardi qollap quwatlaw tek gana mamleket yaki sholkemlerdin waziypasi emes bul jamiyette jasawshi har bir insannin waziypasina aylaniwi tiyis . Olardin haq huquqlarin qorgaw ham de usi jamiyettin toliq agzasi sipatinda qabil qiliwimiz bizin waziypamiz esaplanadi. Sebebi: ademgershilik insanparwalliq degen paziyletler biz insanlarga tan bolip tabiladi. Biz bunday insanlardi jamiyetimizden ajratiwimiz yamasa ashiniw koz qaras penen emes balkim hurmet penen qarawimiz kerek.

Sebebi olar bizlerdin qollap quwatlawimizga mehrimizga zar. Olarga korsetilgen azgantay itibar olar ushun ulken baxit. Har bir insan kishi itibar ham mehrga layiq. Olardin sabri hammemiz ushun ornek boliwga arziydi.

**Paydalangan adebiyatlar**


1. Ozbekstan Respublikasi Konstitutsiyasi 2023.
2. Ozbekstan Respublikasi Birlesken Milletler sholkeminin Nagiranlar huquqlari tuwrisindagi konvenciya.2006 – jil 13 –dekabr.
3. Prezentimizdin Nagiranligi bolgan shaxslardi ham sociallıq qorgawga mutaj qatlamların qollap quwatlaw boyinsha parmani .2022– jil 28–may.
4. Prezentimizdin Paralimpiya hareketin rawajlandiriwga qaratilgan qarari 2021-jıl 8–may.